# СҮЙ, ДОСТЫМ

Қарақалпақ мәмлекет баспасы
Нөкис—1962

www.ziyouz.com kutubxonasi

**Б. Қайыпназаровтың „Сүй достым" атлы қосықлар топламына аўыл мийнеткешлериниң турмысы, халқымыздың дослық-туўысқанлық байланысы, республикамыздың көркем тәбияты ҳәм Бухара-Урал газопровод трассасы ҳаққында жазылған бир қанша жаңа қосықлары киргизилген.**

**Топламның авторы буннан бурын „Алтын гүз", „Көк емен", „Қызыл гүл" атлы қосықлар топламы менен оқыўшыларымызға таныс.**

**Қайыпназаров Б.**

„Сүй достым" Қосықлар топламы, Нөкис, ҚҚМБ, 1962. 68 бет.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ПАРТИЯ

Көрген адам мениң өскен жеримди,
Сүйген адам бағы бостан елимди,
Дийдарласып көрейин деп излесе,
Жүрегимнен таўып алар Ленинди.

Жайнап турған өмириңнин гүли деп,
Егиз туўған бахытымның күни деп,
Мен сүйемен партияны, Ленинди,
Ақылласар жолдасымның бири деп.

Ўатан десем толып-тасар жүрегим,
Исен маған, исен халқым тирегим.
Тапсырмаңды орынлаўға булжытпай,
Таяр турман, таяр күшим, жигерим.

Алдымдағы айбатымсаң партия,
Иске шықсам, ғайратымсаң партия.
Қайтпайтуғын сен баслаған гүрестен,
Қатардағы солдатыңман партия!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## УЛЛЫ ОКТЯБРЬ

Анам жас қыз екен, атам жас жиғит,
Екеўи танысып болыпты татыў.
Буны сезип аўылда бир бай жигит
Гүнасыз атама етипти ашыў.

Ойлап ол турғанда сүймес деп өзин,
Оны қуртып, алыў ушын анамды,
Үлкенлер алдында тыңлатып сөзин,
Мәрдикәрға жибертипти атамды.

Атам кетип, анам қалыпты елде,
Бай жигит бир күни излеп келипти.
Буны алдан анлап анам бир түнде,
Ҳеш кимге билдирмей қашып кетипти.

Қызды таўып бер деп катты қыйнапты,
Сақал, шаштан сүйреп ата-анасын.
Еткен ерси иси нырыққа сыймапты.
Өртепти сорлының ықлар панасын.

Неше күнлер, неше түнлер жол жүрип,
Жетипти қыз балықшылар қосына.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жигит мәрдикәрдан қашып үлгерип,
Айырса да табысыпты досына.

Қуўғыншылар тинтип Арал қамысын,
Еки ериксиз жасты таўып алыпты.
Ханның ҳәмири деп хорлап намысын,
Ҳақ мойнына дар арқанын салыпты.

Сонда „Езилгенге ерик!" деген үнди,
Дар астында қулақлары шалыпты.
Уллы Ленин, уллы Октябрь өмирди,
Өлим тырнағынан қорғап қалыпты.

Соннан бери октябрьди, Ленинди,
Ата, анам түсирмейди тилинен.
Ленин дүзген партияға берилди,
Жас өмирин қорғап қалған өлимнен!.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## СҮЙ, ДОСТЫМ

Рус халқын жақын туўысқан деймен,
Москваны жүрек деймен, жан деймен,
Кремльди жер жүзине нур шашып,
Күни-түни атып турған таң деймен.

Қызыл майдан көз алдымнан кетпейди,
Бул майданға ҳеш бир майдан жетпейди.
Адам түўе көктен ушкан куслар да,
Асықса да бир айланбай өтпейди.

Жайлары бар диң аспанға тийгендей,
Жерлери бар жасыл жипек кийгендей.
Бул гөззал қаланың сулыў келбетин,
Бир мен емес күн еңкейип сүйгендей.

Көриниси көкке кулаш урғандай,
Адамлары бир анадан туўғандай.
Көшелери дәсте-дәсте гүл менен,
Қушақ ашып мени күтип турғандай.

Москваға келсем кетким келмейди,
Ким келсе де жатырқаўды билмейди.
Сүй адамын, сүй көшесин, сүй достым,
Москваны сүйген жүрек өлмейди!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ДОСЛАР ГҮРРИҢИ

Ақ суңқар қанаты қайрылмас екен,
Мени алып келди өз желкесинде.
Кеўли бир жолдаслар айрылмас екен,
Қыдырып жүриппен нур үлкесинде.

Ташкенттиң көркине қарап пәкизе,
Достым менен қатар жүрип келемен.
Адамлар лық толы, көшелер таза,
Шашымды жел сыйпап ойға шүмемен.

Фонтанның суўлары тикке атылған,
Айланып жүрипбиз қызығып бизлер.
Бунда Наўбәҳәрден гүллер ашылған,
Қасында отырдық басланды сөзлер...

—Әзийзим досларға есигиң ашық,
Кирип келдим әдеп сәлемим менен.
Күтип алдың мени кеўилинди ашып,
Биргемен илҳамым, қәлемим менен.

Қандай жаңалықлар бар,—дейсең сизде,
Үй-ишлерим аман, ел-журтым абад.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәр күни дөреген табыс көп бизде,
Әжайып ислерге мениң кеўилим шад.

Сағынып көрсем де Ташкент шәҳәрин,
Ойым аўылымда, Әмуде көзим.
Күтип алдық коммунизм бәҳәрин
Жүреклерде тасты бир уллы сезим.

Қырық қыз даласында, Мырза шөлде де,
Желбирейди жети жыллык байрағы.
Таўда да, жерде де, айдын көлде де,
Қызды салтанатлы мийнет байрамы.

Коммунистлик мийнет жеңис жолдасы,
Ҳәр күнги ис жылдың салмағына тең.
Бәримизге бирдей дослык куяшы,
Өскен жерлеримиз халық кеўилиндей кең.

Ақ суңкар канаты қайрылмас екен,
Мени алып келди өз желкесинде.
Кеўли бир жолдаслар айрылмас екен.
Қыдырып жүриппен нур үлкесинде.

---

www.ziyouz.com kutubxonasi

## УСТАЗЫМЫЗ ПАРТИЯ

Ҳәммемизди бир байрақтың астына,
Топлаған бир мақсет, күш берген бирдей.
Алға қәдем қойған халыклар бахтына,
Жолларын жақтыртып нур шашқан күндей
Партияны Ленин деймиз,
Ҳүрметлеймиз, сүйемиз.
Айдын жолдан шегинбеймиз,
Туўра жүрип келемиз.
Ҳәр бир исте,
Ҳәр гүресте,
Ҳәр жеңисте,
Ленин бар деп билемиз!
Ақылласып шешкен, сорап билискен,
Үйретиўши устаз көп исимизди.
Илимде, мийнетте бизлер жетискен,
Шөлкемлестириўши жеңисимизди.
Партияны Ленин деймиз,
Ҳурметлеймиз, сүйемиз.
Айдын жолдан шегинбеймиз,
Туўра жүрип келемиз.
Ҳәр бир исте,
Ҳәр гүресте,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәр жеңисте,
Ленин бар деп билемиз!
Нур куйған жүрекке, сана сезимге.
Айдын жолы менен Лениnниң жақты.
Баслап баратырған коммунизмге,
Мийнеткеш, гүресшең жеңимпаз халықты.
Партияны Ленин деймиз,
Ҳүрметлеймиз, сүйемиз.
Айдын жолдан шегинбеймиз,
Туўра жүрип келемиз.
Ҳәр бир исте,
Ҳәр гүресте,
Ҳәр жеңисте,
Ленин бар деп билемиз!

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЛЕНИН МАВЗОЛЕЙИ

(*Ван Си—Цзяньнан*)

Мавзолейде жатыр уйқыда Ленин,
Журекке жууырған қан янлы—оған,
Талпынады бирдей барлық әўладлар,
Жақын еллер менен узақ улкеден.
...Ғарры профессор әдиўли оның,
Үнсиз турып алдында бас ийеди.
Ағарған шашлары қысқы қыраўдай
Оны суўық самал желбиретеди.
Украинлар, грузинлер де бунда,
Бунда қытайлылар алыстан келген.
Әжим енген Ленин пешанасына,
Ҳәр адам қарайды улындай болып,
Журекте қайғысын жасырып терең.
Халық пенен бир болды ҳәр ойы, өзи,
Кийимнен бир ўақта денесин жырған,
Көринбейди душпан оғының изи....
Халық ушын айтажақ көп жақсы сөзи,
Иркилип қалғандай жумған ернинде...
Тыныш уйықлап атыр сезгендей болып,
Улларының куши беккемленгенин,
Өз елинин өсип ержеткенинде,
Ҳәм де өшпейтуғын таза нур менен,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Өткиншиниң жүзлери тур жадырап.
Бунда усы сүйикли жүз алдында,
Дийдарласыў созылды бир азырақ.
Өтеди халық әсте-әсте ҳәм үнсиз...
Жүрип өтиўшиниң изи үзилмей,
Олардың жүреги соғады қатты,
Ҳәзир өзин Ленин баслап жүргендей.

---

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ДОСЛЫҚ

(*Шао Янь—Сяннян*)

Салтанатлы байрамларда емес тек,
Бизлер доспыз, дослық уллы бизлерде.
Таппаймыз шараплы кеселерден тек,
Деп билмеймиз дослықты тек гүллерде.
О жоқ!
Ашық күни көрингендей бир елес,
Дослығымыз көлеңкедей тез емес!

Сениң менен досластық бир окопта,
Ортақ қурал менен кирдик саўашқа.
Бизлер гөзлеп аттық, билдик бурыннан,
Мақсетимиз, бағдарымыз бир алған!
Қанымыз бир!
Таўсылмайды ҳеш қашан,
Сол дослық жүректи шынлыққа қосқан!

Аўыр күнлерде де, шадлы күнде де,
Жекке болған жоқпыз биз болдық бирге!
Қосық айттық—қосылды көп ҳаўазы,
Қосық айттық—ортақ болды намасы.
Бизди Ленин дос етти!
Аўқам дүздик мийтиндей,
Жасаў ушын усы дослықта бирдей!

---

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚАРАҚАЛПАҚ ГҮЗИ

Ағарып көринер жеримниң жүзи,
Пахта кәрўанының таўсылмас изи.
Үйилипти ақ таў үлкен қырманға,
Не деген сақыйсаң қарақалпақ гүзи!

Жүрисиң тез иске тежеп елимди,
Мийнет жемисине бөлеп жеримди.
Жыл бойына хызмет еткен халкыма,
Ақ пахтадан үйип бердиң өнимди.

Қаҳарман халкым да ислеўди сүйди,
Жазлай мийнет етти, жер баўырын ийди.
Адам қолы менен үйген ақ таўлар,
Атызларды безеп, аспанға тийди.

Бүгин шадлы хабар гезер елимде,
Бүгин жеңис сазы жаңлар жеримде.
Төгилген тер, еткен мийнет жемисли,
Жеңисли халық қуўаныш бар кеўлинде.

Әму бойы, Кегейлиниң жағасы,
Шоманай бозлары, Қырық қыз даласы,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ақ алтынның кәни болды таўсылмас,
Бул табыслар халықтың иси, ықласы.

Пахта ушын жумсай билген қарыўын,
Жеңип шыққан истиң не бир аўырын,
Улларыңның, қызларыңның ғайраты,
Ақ пахтадай ақ кеўилли аўылым.

Республикамды даңққа бөлеген,
Халық бирлиги, халық күши деп билемен;
Мийнет ерлериниң жарқын жүзинен,
Жеңиске бай ертеңгимди көремен.

Ағарып көринер жеримниң жүзи,
Пахта кәрўанының үзилмес изи.
Үйилипти ақ таў үлкен қырманда,
Не деген сақыйсаң қарақалпақ гүзи.

---

www.ziyouz.com kutubxonasi

## АҚ ТАЎЛАР

Кеўилимди тартқан келбети,
Аралап көрдим жеримди.
Ҳәзирги күнниң жәннети,
Қыдырдым еркин елимди.

Кең далам жатса кум басқан,
Шамаллы күни шаңғытып.
Бағым тур жаңа гүл ашқан,
Ийисин жупар аңқытып.

Туўылған жерим жүрегим,
Сүйемен ойы, қырынды.
Өз елим мениң тирегим,
Жырлайман сениң жырынды.

Жабылмай жатқан ашылып,
Китаптай еки жағасы.
Көзиме оттай басылып,
Турыпты жасыл ағашы.

Өзиме таныс Әмудиң
Толқыны, катты ағысы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Керекли заты өмирдиң
Пайдаға асты қамысы.

Анадай жақсы көреди,
Әмуди мийнет ерлери.
Гүл болып жайнай береди,
Суўының барған жерлери.

Аспаннан жерге үңилген,
Барғандай күнниң қасына.
Таўлардай бийик үйилген,
Қумлардың шықтым басына.

Бийиктен төмен қарадым,
Көринди дала ағарып.
Ақ таўлар екен, аңладым,
Тикленген қолдан қаланып.

---



www.ziyouz.com kutubxonasi

## САМАЛ СӘЛЕМИ

(*Лютфали Суратгярдан*)

Тағы көз алдымнан өтер келбетиң
Көзлериме уйқы келмес бул түни.
Түн қусы шақырды... Сен бағда жүрсең,
Көз илмес самалдай қоршадың мени.

Нәзик лебиң гүбелектей елпеңлеп.
Ай нурында сыбырласқан толқындай.
Кербаз сулыў тартынасаң бәрҳама,
Гүлдиң шаңын қаға алмаған самалдай.

Кимсең дедим киятырған жақынлап,
Қыз киятыр, деди самал сыбырлап.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## БИЗИҢ ХАЛЫҚТЫҢ СЫЙЛЫҒЫ

(*Шеренгтен*)

О мениң досларым!
Туўысқанларым!
Деймен соған кимниң жүрегинде мен.
Сүйиўшилик оты болса сөнбеген,
Халқым бир нәрсени әрман етеди.
Дейди аспан бултсыз турсын жарқырап,
Күле шырай берген балаға усап.

Ҳәм тилейди гүл ашылсын деп жерде,
Қуўаныш жайнасын кең кеўиллерде.
Узақ өмир бәҳәр әкелсин бизге,
Қара булт болмасын деймиз ҳеш жерде.

Ҳеш бир жерди қаплатпаймыз бултқа,
Жол қоймаймыз және катал урысқа.
Көнбеймиз азапқа, набыт болыўға,
Душпанлықты жайдыртпаймыз дүньяға!

О мениң досларым, туўысқанларым!
Анық бизиң ҳақ кеўлимиз, еркимиз.
Сол ушын да мени халқым жиберди,
Сақый қолың менен сыйлық ет, деди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қуўанышын, сулыўлығын бәҳәрдиң,
Көк гүмбезден кисилердиң үстине,
Кәсийетли жаўын етип шаш, деди.

Қорқынышлы емес гүзги боранлар
Жаҳанды жасартып бәҳәр келеди!
Дүньяда ҳәммеге қуўаныш алып,
Көп сағынып күткен бәҳәр келеди!

---

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖЕРДЕН ЖУЛДЫЗҒА

Кеше әрман етсек ушар гилемди,
Бүгин таң калдырдық пүткил әлемди.
Ушгық жерден көкке, айға, жулдызға,
Көрсин жаҳан бизиң күшти, илимди.

Бул адам ақылы ашқан белгили,
Қыял емес, шынлык, бул халық билими.
Биринши рет Венераға жол салып,
Баратырған күш бул совет илими.

Совет халқы дүзген жаңа заманды,
Жаңалықлар менен куўант жаҳанды.
Журтқа үлги етип жерден жулдызға,
Ушырдың сен ең биринши адамды.

Жаса халқым, мақтан илимиң менен,
Парахат мийнетиң билимиң менен,
Қутлықлайман қуўанышлы жүректен,
Ай, жулдызға барып келиўиң менен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## СОВЕТ ЕЛЛЕРИ

(*Дағлары намасына*)

Зейнимизди ашар таза ҳаўасы,
Кеўлимизди тартар өскен гиясы.
Мийнет суўын ишкен колхоз бағының,
Ҳеш ўақ ада болмас шийрин мийўасы.

Жетилген, жемисли,
Колхоз жерлери.
Жайнаған жемисли,
Совет еллери.

Таўларынан алтын, гүмис табылар,
Жерлеринен ҳасыл өним алынар.
Жазда еркин жүрип шалғын атаўда,
Колхоз малы дүркин-дүркин жайылар.

Кең өрис, малға жай,
Колхоз жерлери.
Ақ алтын, дәнге бай,
Совет еллери.

Завод, фабрик ғаўлап өсти санаат,
Техникалы елимиз күши кәрамат.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Халқымызды женислерге баслаўшы,
Партиямыз болсын мәңги—саламат.

Жетилисип жайнар,
Ўатан жерлери.
Барлық иске таяр,
Совет еллери.

Халық жеңимпаз халық қаҳарман мәрдана,
Уллы партиямыз халыққа пәрмана.
Татыў дослық, беккем бирлик бузылмас,
Қудиретли Ўатан күшли дүньяда,

Батыр халыққа мәкан,
Ўатан жерлери.
Өшпес даңққа ийе,
Совет еллери.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ГЕРМАН ТИТОВКА

Адам еркин, мийнет еркин, ашық жол,
Биз жасаған дәўир қандай әжайып.
Дейдилеген жерге жетти созсақ қол,
Илим өсти, елдиң күши нығайып.

Батыр космонавтлар саяхат етти,
Биринен соң бири космос кеңлигин.
Ерлер даңқын еллер мақтаныш етти,
Мен жырға қосаман исин, ерлигин.

Қуўанаман еситкенде, көргенде,
Елимдеги жаңалықты ҳәр күнги.
Айға ушыў әрман болып жүргенде,
Бизиң мәрт Гагарин көрсетти үлгн.

Титов ушты бир күн, бир түн космоста,
Отлы жүрегинде жигер қайнайды.
Бул жеңисин ол парахат турмыста,
Қанат берген партияға арнайды.

Халқымның жердеги дөреткен иси,
Даңқымды көтерип шықты аспанға.
Партияның, халықтың, Ўатанның күши,
Пәт берди Титовқа жерден ушқанда.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТУЎЫЛҒАН ЖЕРИМ

Чимбайдың шығысы мәканым, елим.
Саңмурын жап бойы туўылған жерим.
Жаслық күнлеримди көремен сеннен,
Көзиме ысықсаң жүрекке бейим.

Сенде мен үйрендим дәслеп күлиўди,
Сенде мен үйрендим дәслеп жүриўди.
Жығылсам сүйедиң, турғыздың тикке,
Үйреттиң жасымнан елди сүйиўди.

Сенде иске асты атам әрманы,
Сенде бар адамның қуўат—дәрманы.
Сеннен мен күш алдым, өстим ер жеттим,
Сенсең мениң өмиримниң қорғаны.

Сенде балалығым қызыққа толы,
Сенде маған жумсақ анамның қолы.
Таң атты нур шашып келешегиме,
Сенде кең ашылды бахтымның жолы.

Соннан бери сен ядымнан шықпайсаң,
Мен сөйлесем қумарланып тыңлайсаң.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Анамдай меҳирбан туўылған жерим,
Еркелесем райымды жықпайсаң.

Хызмет етсем ылайықлы даңқыңа,
Сонда мениң қәдирим бар халқыма.
Өз жеримде, өз елимде ҳүрметли,
Мийнет еттим, нур шашылды бахтыма.

---

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҲҮРМЕТИМ ШЕКСИЗ

*(Врач Нина Михайловнаға)*

Мен кеселханаға келиппен ҳуўышсыз,
Аякта, я колда, я тилде димар—
Қалмапты, тек жүрек көкиректе күшсиз,
Ҳәр ўақта билинер-билинбес урар.

Анамның қолындай меҳирбан бир қол,
Жағымлы тийгенде аштым көзимди.
Қарасам емлеўши врач екен, ол,
Ғамхор болып қорғап қалған өзимди.

Сен жүрген жерлерге жақынламас дәрт,
Ҳәтте өлим қашар ақ халатыңнан.
Узақ өмир ушын гүресиўши мәрт,
Саўалдым мен сениң шарапатыңнан.

Тағы қайтып келдим сүйген исиме,
Жасаў мүмкин емес мийнетим сенсиз.
Маған қайта өмир берген кисиме,
Алғысым таўсылмас, ҳүрметим шексиз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖЫЙНАЛЫСТАН СОҢ

Түн. Қараңғы түн. Аяқ соқпақ,
Көринеди сүлдери еплеп.
Тентиреклеп, гә жүрип тоқтап,
Киятыр ол гижине сәйлеп:

—Бәри маған топылды дүрлеп,
Көп айыпты қойды өзиме.
Гей биреўлер сөйледи түйреп,
Қарамады ҳеш бет жүзиме.

Қарсы шықты сүйген қызым да,
Мен керексиз адам қусайман.
Керегим болмаса шынында,
Жигит болып неге жасайман...

Усы ойлар бирден сергитти,
Турған жерден қайтты кейнине.
Бир күш ериксиз өжет жигитти,
Алып келди қыздың үйине.

Әсте-әсте есикти қақты,
Есик ашты Гүлимхан апа.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ишке кирди лампаны жакты,
Полат, үнсиз турыпты қапа,

— Кел-кел, отыр. Басын шайқады,
— Зийбаға бир айтажақ сөз бар.
Шығып кетсин—бул не айтады,
Шық, сөйлес, бил, бар балам, тез бар.

— Кешир Зийба мүмкин болса сен,
Жаңа билдим, қәте ислеппен.
Кемшиликти жүзге айтса мен,
Ерегисип ҳасла көнбеппен.

Өз исимди тезден жөнлеўге,
Мәжбүрлеймен енди өзимди.
Сөз беремен жақсы ислеўге,
Ҳәммеге айт усы сөзимди,—

Деген ўақта Зийба қуўаныш,
Сүйип-сүйип алды Полатты.
Тағы буған өзи уялып,
Қушақлаған қолын босатты...

Түн. Қараңғы түн. Аяқ соқпақ.
Көринеди сүлдери еплеп.
Тез-тез жүрип, иркилмей тоқтап,
Киятыр ол кеўилин жәмлеп.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ГЕРБИШ ӨРИЎШИГЕ

Әй өриўши достым ҳәр күнги исиң,
Сөйлер жыллар бойы өмир жолыңнан.
Тырнағынан баслап өрген гербишиң,
Көкке қарай жетелейди қолыңнан.

Қолыңда мастерок, қолыңда гербиш
Өргениңди көзлер илмей қалады.
Шебер қолың менен қаланған ҳәр ғыш,
Өз орнын тапқанын билмей қалады.

Әне бастың соңғы гербишиңди де,
Жай питти, техниктиң кеўилине унап.
Сен мақтаныш етип өз исиңди де,
Кеўлиң көтериңки турыпсаң қарап.

Биринен соң бири тиклейди бойын,
Көп этажлы жайлар көкке таласып.
Жанынан өткенниң тартады ойын,
Таза имаратлар турған жарасып.

Жыллар өтер, таза жайлар көбейер,
Сулыў-сулыў имаратлар қурарсаң.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Нөкисимиз буннан бетер көркейер,
Бир балконда сен де қарап турарсаң.

Әй өриўши достым, ҳәр күнги исиң,
Сөйлер жыллар бойы өмир жолыңнан.
Тырнағынан баслап өрген гербишиң,
Көкке қарай жетелейди қолыңнан.

---

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚАНЖАР

*(Мухамед Аль—Асьмардан)*

Сеннен кеттим, барлық муҳаббатымды,
Жүректен аяўсыз жулып таспадым.
Болмас екен қарсы шығыў тағдирге,
Бурынғыдай сени күсей баспадым.

Жалғыз өзим қай тәрепте жүрсем де,
Умытпайман сени ҳеш бир жерде мен.
Саған болған ышқым өртер жүректи,
Тағы бирге жүрсең барлық жерде сен.

Сондай қатты сүйген едим өзиңди,
Қумар кеўлим саған ынтығып пүтин.
Таза муҳаббатың тартты өзимди,
Ашықлық қумары қурсады бүгин.

Кеширерсең; кеширмессең я мени,
Тек сорыма ушырасыпсаң сен мениң.
Сени гүлдей көрип қушақласам мен,
Қанжар болып шықты сол гүл дегеним.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚУТЛЫҚЛАЙМАН ДОСТЫМ

Достым өзиң тилек етип келсең де,
Қыйын болды исти баслаған күнлер.
Күшим жетпес қойсам ба деп жүрсең де ,
Қойма, қойма,—деди уйқысыз түнлер.

Қоймадың, көндирдиң өзиңди зорлап;
Гүрестиң сен таныс емес ис пенен.
Халықты исендирген сөзиңди ойлап,
Киристиң жумысқа өжет күш пенен.

Оқыдың, үйрендиң тракторды да,
Меңгерип айдаўдың гезеги келди.
Үйреткен механик қарап турды да,
Ықласыңды көрип мурғынан күлди.

Оқыўың билгенге аңсат көринип,
Кеўлиң ҳаллас урып минсең де ырғып,
Жүрегиң ҳәўлирип, түстиң секирип,
Трактор рулин уславға қорқып.

Қайта миндиң жүрегиңди бастың да,
Гә қыйсайтып, гә дүзиўлеп жүргиздиң.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қудиретли тӯлпар ойнар астында,
Жер айдаӯда уқыбынды көргиздиң.

Усылай басладың атызда исти,
Ӯақтында егилди пахта шигити.
Ғайрат иске түсти, ис көзге түсти.
Қызықты аӯылдың қызы-жигити.

Бәҳәр өтти, жаз да өтти, гүз жетти,
Машинада пахта терип жүрипсең.
Халыққа хызмет етиӯ қандай ҳүрметли,
Халық хызметин, агыз исин сүйипсең.

Пахта шеберисең, исиң үлгили,
Иске палӯан озып шықтың қатардан.
Республикада атың белгили,
Аянбай иследиң болдың қаҳарман.

Баҳадыр пахтакеш халықтың исине,
Сен де бир әжайып үлести қостың.
Нур жаӯады еңбек еткен кисиге,
Өз орныңды таптың мийнетте достым.

Ақ таӯларды үйип талмас билектен,
Халыққа сыйлық еткен жемисиң менен.
Өзиңди, исиңди сүйген жүректен,
Кутлықлайман достым жеңисиң менен.

---



www.ziyouz.com kutubxonasi

## АНА

Ана меҳри мәңги сақланар есте,
Бала баўыр болса, ана меҳрийбан.
Өмир шәменинен үзип гүл дәсте,
Тағы қутлықлайман, тағы анажан!

Ана, билесең бе нешинши рет,
Қутлықладым усы байрам келиўден.
Саған жаўар алғыс, иззет ҳәм ҳүрмет.
Ананы айрықша сүйген кеўилден.

Қуўан ана, сени гүлге ораған,
Мендей улларың көп, қызларың да көп.
Бәри ақыл, күшин саған арнаған,
Бәри ҳүрметлейди әзиз ана деп.

Улларың. қызларың миннетдар сизге,
Өзиң келтиргенсең бизди дүньяға.
Сениң қушағыңда жасаған бизге,
Сеннен қымбат ҳеш нәрсе жоқ дүньяда.

Кийгиздиң, ишкиздиң қолыңда барын,
Ана қандай кең пейилсең сақыйсаң.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сен мениң ақылым, сен мениң арым,
Жүрегиме жанымнан да жақынсаң.

Ана меҳри мәңги сақланар есте,
Бала бауыр болса, ана меҳрийбан.
Өмир шәмениен үзип гүл дәсте,
Байрам менен қутлықлайман анажан!

---

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ОЙЛАП ҚАРАСАМ

Өз уқыбын өз халқына арнаған,
Мен бир әдебияттың жай солдатыман.
Мийнеткешпен, атақ кумар емеспен,
Ҳәм мәниссиз даңқпаразлық жаг маған.

Таңлағанман ҳадал хызмет етиўди,
Ойлағанман халық кеўлине жетиўди.
Ҳәм алдыма мақсет етип қойғанман,
Өлгенимше дурыс сөйлеп кетиўди.

Ойланып қарасам, ақылға салсам,
Халқым иске шықса, алдында барсам.
Өз елимниң азаматы болғаным,
Халқымның буйрығын орынлай алсам.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## БАХЫТЛЫ БАЛАЛАР ҚОСЫҒЫ

Кеўилли жасаймыз, ержетемиз,
Биз еркин сүйикли елимизде.
Ислеймиз, оқыймыз, үйренемиз,
Бахытлы балалық күнимизде.

Нақырат: Коммунизм бағының гүлиндей,
Өсемиз, Ўатанның саўлатымыз.
Тынышлық байрағын көтерип
алға—
Жүремиз, Лениннниң әўладымыз.

Бизлерди әлпешлеп өсиреди,
Анамыз қүдиретли ҳүр Ўатан.
Бизге ғамхорлық етеди бәрҳә,
Лениншил партиямыз меҳрибан.

Нақырат: Коммунизм бағының гүлиндей,
Өсемиз, Ўатанның саўлатымыз.
Тынышлық байрағын көтерип
алға—
Жүремиз, Лениннниң әўладымыз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Халық пенен Лениинниң иси ушын,
Тақ турған бизлер жас жаңа адам.
Жастан сүйген ҳүрметли исимиз,
Ўатан қорғаўға таярмыз мудам.

Нақырат: Коммунизм бағының гүлиндей,
Өсемиз, Ўатанның саўлатымыз.
Тынышлық байрағын көтерип,
алға—
Жүремиз, Лениинниң әўладымыз.

---

www.ziyouz.com kutubxonasi

## АДАМҒА

Тек өзин ойлаған адам адам ба?
Адам болса ғамхор болсын адамға.
Гей биреў ойлайды тек қара басын,
Көрген жерде оған ат ғәзәп тасын.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖАЗ КҮНИ

Жарқыраған жаз күни,
Жумыс көп, ўақыт аз күни,
Совхозға келдим сағынып,
Мийнеттиң қызған саз күни.

Гүлленген хош ийисли,
Жетилип пискен жемиси,
Күтип алды өзимди,
Адамның соққан бейиши.

Көтерген көкке кеўлимди,
Туўылып өскен елимди.
Мың бейишке бермеймен,
Усы бир турған жеримди.

Жериме гүллер көгерткен,
Елимниң сәнин көркейткен.
Сүйемен мийнет адамын,
Шөллерде бағлар дөреткен.

Өзгерип, өскен аўылым,
Аўылым күшим қарыўым,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Трактор айдап жүрипти,
Мийнетти сүйген бауырым.

Жумысын көрдим қууандым,
Ықласын көрдим инандым,
Үлгили еткен исинен,
Жырыма қанат күш алдым.

Усы күш ойды өрлетип,
Қыялды қозғап тербетип,
Олардың кән исинен,
Жырларым шықты ержетип.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ДОСТЫМ

Бәри мениң достым, бәри өз достым,
Достың да досты бар ырас сөз достым.
Сыртыңнан жаманлап, көзиңше мақтап,
Жүретуғын жалған достан без достым.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖУЛДЫЗЫМ

Кеше турып жығылып
Еркелесем атаға.
Бүгин жүрген жуўырып,
Ойын қумар балаға,
Ата болдым өзимде,
Бесеў болды ул қызым.
Жайнаған көк жүзинде,
Бес балам, бес жулдызым.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ШОҚАЛАҚ ҚУМЫ

Үйир болған жерим бала күнимнен,
Таныйсаң да мени таныс үнимнен,
Есиңнен шығыппан дегендей болып,
Көринесең өткен сайын түбиңнен.

Умытарман ба ҳасла Шоқалақ қумы,
Кисилердиң қойын бағып ҳәр жылы,
Жалаң аяқ суўыққа қатып келгенде,
Табаныма тийгениңди жып-жыллы.

Жерге көк шыққанда тебендей ғаўлап,
Ойнаған ўағымды қумыңа аўнап,
Қалай умытарман гейде шаңғытып,
Ескен шамалыңды шашымды таўлап.

Қула дүзде паналаған үйимдей,
Сени ҳеш ким сүймегенди өзимдей.
Тәбеңдеги саялаған жыңғылым,
Көзге ысық көп жасаған гүжимдей.

Кеше әтирапың жатса қулазып,
Бүгин көрсем турмыс кеткен уласып.
Кең қушағың пахта кәни болыпты,
Қаладай шоқ аўылым тур жарасып.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## СҮЙГИҢ КЕЛЕДИ

Әмудәрья жағасына жайласқан,
Келип көрсең мениң өскен елимди.
Қарағанда көркине көз қамасқан,
Араласаң кең салалы жеримди.

Тәбият сақыйлық етип ҳәр түрли,
Төсеп таслағандай жасыл гилемди.
Жер қушағын толтырып мол өнимли,
Пахта өсер таң қалдырған әлемди.

Шөлди шегиндирип жайып қанатын,
Қумға ҳүжим жасап бағлар өспекте.
Елеспесиз жатқан далам, елатым,
Гүллерге оранып көзге түспекте.

Қанша қыдырсаң да, қанша жүрсең де,
Азсынасаң узақ жүргиң келеди.
Ҳасыл топырағымды күнде көрсең де,
Көзге сүрме етип сүйгиң келеди.

---



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ГУЛНАРА

Кел деген жерине келдим, келмедиң,
Кетип калсам, узақ куттим дермедиң.
Сени бунша ким егледи билмедим,
Көп күттирмей кел тезирек Гүлнара.

Ядымда кешеги кел деген сөзиң,
Мен билемен келмей қалмайсаң өзиң.
Үмит пенен қарар жолына көзим,
Көп күттирмей кел тезирек Гүлнара.

Ўәделескен ўақыт баратыр өтип,
Умыттың ба турған достыңды күтип.
Булттан шыккан айдай жүзиң жарқ етип.
Көп күттирмей кел тезирек Гүлнара.

Турсам, кешиккениң жүрегимди жеп,
Кимди күтип турсыз деўшилер де көп.
Айтаман өзимнин күткеним бар деп,
Көп күттирмей кел тезирек Гүлнара.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТАНЫС ГҮЛ

Бир гүл көрдим бурыннан таныс,
Көрген едим ашылған гезин.
Түскен еди арамыз алыс,
Жүрген едим көрсем деп өзин.

Айлар өтти ҳәм жыллар өтти,
Бир-биреўден болмады дерек.
Гүдер үзбей шыдамлы күтти,
Үмит пенен сағынған жүрек.

Тағы көрип турыппан өзин,
Бурынғыдай жайнап ашылды.
Кеўлим толды көргенде жүзин,
Көзлериме оттай басылды.

Толысса да, өссе де және,
Өзгерсе де азмаз түр-түси.
Айтыңларшы себебин, неге,
Өзгермепти, сол хош ийиси.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# *БУХАРА-ГАЗЛИ-*
# *УРАЛ*
# *ДӘПТЕРИНЕН*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## БАХЫТ ЖОЛЫ

Нөкистен басланды саяҳатымыз,
Самарқанд сәйкалы өзине тартты.
Жүреклерде шексиз муҳаббатымыз,
Туўысқанлық, дослық сезимлер артты.

Қарасаң көз жетпес уша басына,
Айналасы таўлық гүлистан бир жер.
Көк майсасы усас қыздың шашына,
Сайран етип жүрмиз бул жерде бизлер.

Дүньяға дийханның даңқын тараткан,
Пахтакеш ерлери өзбекстанның,
Өз мийнети менен жәннет жараткан,
Батыр адамлары бул гүлстанның.

Шашлары мейиздей қызларын көрсем,
Мен қарындас десем, ол әке дейди.
Жүзлери ашылған ананы көрсем,
Мен қыз апа десем, ол үке дейди.

Қайсы бир ҳәўлини кеўлим тилесе,
Кирип барсам өз үйимдей сеземен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бийик таўларына шықсам биресе,
Көшелерин өз көшемдей геземен.

Бизди алып келди бул бахыт жолы,
Наўайы, Улуғбек жасаған жерге.
Тасларға ериксиз гүл ойған қолы,
Еркин мийнет етип гүлленген елге.

---

www.ziyouz.com kutubxonasi

## АДАМ

Адам қәдем қойды асып түспеге,
Қумлар бас көтерди жолын кеспеге.
Бирақ долы қумның күши жетпеди,
Өжет адам менен ерегиспеге.

Үстинен жол берди тып-тыныш жатты,
Мардыйып салдамлы адымлар атты.
Бет алған жағынан қайтарар күш жоқ,
Бул батыр адамды епкини қатты.

Өтпесе тасларды қамырдай қарып,
Шығама бул жолға батылы барып.
Тауды қопарғандай ғайрат болғансоң,
Труба өткерди қумды қақ жарып.

Бурын еситпесе, көрмесе киси,
Бүгин көз алдында ислеген иси.
Жерди тесип газын алып атырған,
Бул бизиң баҳадыр адамның күши.

Искер қолы менен дөреткен мудам,
Бир күн, бир жыл емес удайы адам.
Жаратылған нәрсе қудадан десе,
Ҳәзирги күнлердиң қудайы адам.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## БУХАРАДА БИРИНШИ МАЙ

Бухарада болғаным жоқ мен бурын,
Көрдим биринши май байрамы күни.
Гүл басқан көшесин, сүйген күн нурын,
Жаңғыртып жиберди шадлы халық үни.

Ленин естелиги көринип бийик,
Турды майданшада жадырап жүзи.
Жаңа Бухараны жанындай сүйип,
Мәңги жасаў ушын келгендей өзи.

Өтти халық өз исин мақтаныш етип,
Желбирер жоқары тутылған байрақ.
Бул байрақты талай сынлардан өтип,
Коммунизмге де көтерип бармақ.

Алға қәдем қойды ҳәммеси бирге,
Мийнетте шыныққан палўан билеклер.
Халықта исеним мол ертеңги күнге,
Уллы үмитлерге толы жүреклер.

Қосықлар айтылар ҳәр түрли тилде,
Бунда сайран етип жүриппен мен де,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бизди байрам менен қутлықлағандай,
Көктен күлимсиреп нур шашты күн де.

Неге нур шашпасын: байрам бизики,
Қуўанышлы қызық сайран бизики,
Коммунизм жазы жасағанымыз
Бул бахытлы күнлер дәўран бизики!

---

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ГУЛЛЕРИМ

Отырдым бир үлкен қумның үстинде,
Калған суўды, шаршап, шөллеп иштим де.
Жүрип кеттим қос труба тийелген,
Машинама минип жолға түстим де.

Сап болды гизнеген суў менен наным.
Алға ийтермелер нәмысым-арым.
Бензини таўсылды машинаның да,
Қумлар арасында қысылды жаным.

Илгери жүрмедим, қайтпадым изге,
Илаж жок, бәрине шыдаўдан өзге.
Қыяда қалдырмас, досларым излеп,
Келер деген үмит елеслер көзге.

Бәрҳә ойлағаным сизлер едиңиз,
Жақын келешекти гөзлер едиңиз.
Жеңисли бармасам сиз күткен үйге,
Билемен бир күни излер едиңиз.

Келген жоқпан атақ излеп жағынып,
Дүзде жүрмен ҳуждáныма бағынып.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қум ишинде көз алдыма келтирип,
Кеўлим сергир өзлериңди сағынып.

Бағларда гүл көрсем, көрдим сизлерди,
Қумларда гүл көрсем, көрдим сизлерди,
Нәгада бир жерде қонақта болсам,
Үйлерде гүл көрсем, көрдим сизлерди.

Қызыл қумда өткен қызық күнлерим,
Аспанды жамылып жатқан түнлерим.
Үйде болсам үймелескен жаныма,
Үрпе-шүрпе мениң нәўше гүллерим.

Мен шыққан сапарға шығарсыз сизлер,
Күтип алар бурын көрмеген дүзлер,
Алған бағдарыңнан адаспассызлар,
Баслап келе берер мен басқан излер.

„Жаўын жаўар, абылайсаң сел болар,[1]
Суўсыз шөллер айдын шалқар көл болар."
Шамал болса тынбай көшкен шаңғытып,
Еспе қумлар егис болар, ел болар.

Маған қуўат берди еткен ислерим,
Астан-гестен қылған қумның ишлерин,
Мендей болып бул баслаған исимди,
Даўам еттирерсиз еле өзлериң.

Ким ушын, не ушын ислегенимди,
Сонда билесизлер мениң гүллерим.

---

[1]. Халық қосығынан.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТӨРТ ТУТ

Сәрҳауыз бойында көгерген төрт тут,
Бастан өтти талай ашлык, талай жут.
Көп әсирдиң гуўасындай шалкайып,
Шақанды кең жайып турысың бир кут.

Келсем, қарап турсам ҳәм ой жиберсем,
Жанлылар ишинде көп жасаған сен.
Не көрдиң, кимлерге түсирдиң сая,
Бухара тарийхын сөйлеп бер билсең.

Түбинде табысқан кеўлин шад етип,
Айнымаған атың менен ант егип.
Сүйедиң бе, сүйискен қыз жигитти,
Өзиңе-өзиниң бойын үйретип.

Қорғадың ба қысым көрген жарлыны,
Жақладың ба от жүрекли арлыны.
Жапырағыңды жаўып көзден жасырып,
Сакладың ба ерк излеген зарлыны.

Билемен, бәринде билемен дейсең,
Көп жылларды көрип келемен дейсең.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ғуж-ғуж қабықларың сайрап турса да,
Тил қатып сөзиме жуўап бермейсен.

Сонда да сондағы үниң келип тур,
Сөйле, сөйлейтуғын күниң келип тур.
Әсирлер бойына еткен әрманың,
Азат бағдың гүли—иниң келип тур.

Сөйле көргениңди қулағым сенде,
Заманлар изи бар бул алып тәнде.
Қысылшаң күнлерде шыдағаныңды,
Жеңгениңди айтып жүремен менде.

---

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ГАЗ АТЛАҒАН

Ада болмас ана жердиң байлығын,
Бизге саклап келген бираз ўақлардан.
Калдырмастан алыў ушын барлыгын,
Қызыл қумды, қыя шөлди ақтарған.

Техникаға үсти толы кырлардың,
Ҳайран қалар кийиги де, қусы да.
Батыр етип талай—дәстан жырлардын,
Тәриплеген адамлары усы да.

Кесе түсип көлбеп жатқан Әмуге,
Адам келди трубаны жетелеп.
Бухарадан Уралға газ бериўге,
Жолсыз жерден жол салмаға төтелеп.

Асқар-асқар қумнан асып келемиз,
Әне алда тик жар Дүлдүл атлаған.
Атлаған ба, жоқ па қайдан билемиз,
Бул аңыз сөз узақ жыллар сақлаған.

Еки жаға елең-елең етеди,
Сол Дүлдүлдиң дүбирлиси келгендей.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тағы терең ойға шүмип кетеди,
Үстинен газ өте жағын билгендей.

Жар үстинде жеделли ис басланды,
Жүўенлейди өжет ерке Әмуди.
Жағадағы тасқа курсаў тасланды,
Көресең бе анаў үлкен темирди.

Усы темир тутастырған жағаны,
Аш белине таў минсе де талмаған.
Бүгин мине батыр совет адамы.
Дәрьядан да газ өткерип атлаған.

Дүлдүл емес газ атлады бул жерден,
Усы ҳақыйкатлық йош берди маған.
Ер жүрек адамлар екен өткерген,
Буны тәриплесең турaман саған.

---

www.ziyouz.com kutubxonasi

## БУХАРА ГУЛИ.

Бийик мынаралы Бухар жеринде,
Бир әжайып гүл өсипти жетилип.
Болдырар ма тилегимди мениң де,
Бағманынан сорап көрсем өтинип.

Мени қабыл етсе жапырағын жайып,
Алдымда ашылып турса усы ғүл.
Ийискелеп көрсем етпесе айып,
Үзсем шақасына келтирмесем зил.

Қулпы дөнип жайнай түссе жамалы,
Қайыл болса, көнсе, қолыма алсам.
Ай жүзин желписе таңның самалы,
Дийдилеген жерге көтерип барсам.

Отырғызсам үйрениссе бағыма,
Долана-долана өссе ҳәр күни.
Жүрегимди тартар, жағар жаныма,
Көздиң отын алар Бухара гүли.

Мениң көрген гүлим ағласы гүлдиң,
Шақасын ийилтер бүлбили болсам.
Үстинде ушсам да бир неше елдиң,
Мен айланып келсем тек соған қонсам.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## АДАМ УШЫН

Дəслепки қəдемди таслап жерине,
Бухаралы дослар келдим елине,
Күтип алдыңызлар мақтап бараман,
Туўысқаның қарақалпақ елиме.

Бул жаңа дəўирден қуўат алыпсыз,
Укыплы қолларды иске салыпсыз.
Қай үйге кирсем де дастурхан толы,
Келиңиз, алыңыз деген халықсыз.

Мийнет еттиңизлер бул жеңис болды,
Қумды көширдиниз шөл егис болды,
Жазық далаларға бағлар көгертип,
Төккен терлериңиз мол жемис болды.

Бүгинги саўлаты Бухар ишинин,
Кеўлин толтырады көрген кисинин,
Бурынғы, ҳəзирги шеберлериңнин,
Бəри адам ушын еткен исиниң.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## МИЛАЖАН

*(Сонет)*

Мойылдай шашларың, қара көзлериң,
Иба еткенлериң көрген ўақтағы.
Лал етип жанымды алар жүзлериң,
Ашылған гүл яңлы ысық бағдағы.

Мыйық тартып күлсең токсан жаз болар,
Илайым сол күлкиң тоқтатылмаса.
Лаўлап жалынлаған жалын аз болар,
Албырт жүрегиме шоқ атылмаса.

Менин өр кеўилим берилмес еди,
Изиңнен көз тигип телмирмес едим.
Лэйлидей сен бунша сүйилмес един,
Ал мен де ышкыға жеңдирмес едим.

Жеңди муҳаббатым, берилдим саған,
Ая, я аяма инсап өзинде,
Ништердей көз нурың қадалды маған.

Жүрегиңе жол тапсам деп жалма жан,
Алдыңа әкелип қойдым тилекти,
Не жуўап берсең де тез бер Милажан!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## МАЗМУНЫ


Партия . . . . . . . . . . 3
Уллы октябрь . . . . . . . . . 4
Сүй, достым . . . . . . . . . 6
Дослар гүррини . . . . . . . . 7
Устазымыз партия . . . . . . . 9
Ленин Мавзолейи . . . . . . . 11
Дослық . . . . . . . . . . 13
Қарақалпақ гүзи . . . . . . . 14
Ақ таўлар . . . . . . . . . 16
Самал сәлеми . . . . . . . . 18
Бизиң халықтың сыйлығы . . . . 19
Жерден жулдызға . . . . . . . 21
Совет еллери . . . . . . . . 22
Герман Титовка . . . . . . . 24
Туўылған жерим . . . . . . . 25
Ҳүрметим шексиз . . . . . . . 27
Жыйналыстан соң . . . . . . . 28
Гербиш өриўшиге . . . . . . . 30
Қанжар . . . . . . . . . . 32
Қутлықлайман достым . . . . . 33
Ана . . . . . . . . . . . 35
Ойлап қарасам . . . . . . . . 37
Бахытлы балалар қосығы . . . . 38
Адамға . . . . . . . . . . 40
Жаз күни . . . . . . . . . 41
Достым . . . . . . . . . . 43
Жулдызым . . . . . . . . . 44





www.ziyouz.com kutubxonasi

Шоқалақ қумы . . . . . . . . . . . . . . . . 45
Сүйгин келеди . . . . . . . . . . . . . . . . 46
Гүлнара . . . . . . . . . . . . . . . . . . 47
Таныс гүл . . . . . . . . . . . . . . . . . 48

БУХАРА—ГАЗЛИ—УРАЛ ДӘПТЕРИНЕН

Бахыт жолы . . . . . . . . . . . . . . . . 51
Адам . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 53
Бухарада биринши май . . . . . . . . . . . 54
Гүллерим . . . . . . . . . . . . . . . . . 56
Төрт тут . . . . . . . . . . . . . . . . . 58
Газ атлаған . . . . . . . . . . . . . . . . 60
Бухара гүли . . . . . . . . . . . . . . . . 62
Адам ушын . . . . . . . . . . . . . . . . 63
Милажан . . . . . . . . . . . . . . . . . 64

www.ziyouz.com kutubxonasi

БАЙНИЯЗ КАИПНАЗАРОВ

*На каракалпакском языке*

# ЛЮБИ, ДРУГ

(Сборник стихов)

Нукус—1962—ККГИЗ

www.ziyouz.com kutubxonasi

ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТ БАСПАСЫ
1 9 8 2

www.ziyouz.com kutubxonasi